



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS PASE 86 MILYON DOLA YO BAY POU KREYE AK PREZÈVE 513 INITE LOJMAN SIPÒ, IJANS, AK TRANZISYON NAN ETA NEW YORK

Finansman Eta a pral kreye 479 inite ak 665 kabann nan lojman sipò pèmanan epi kreye ak prezève 34 inite ak 130 kabann pou lojman ijans ak tranzisyon nan Konte Chenango, Cortland, Dutchess, Erie, Monroe, Oneida, Orange, Ulster ak Bronx

Konbinezon lojman avèk sèvis sipò sou plas pou ede ansyen veteran ki san kay yo, sivivan vyolans domestik, ak moun k ap viv ak maladi mantal grav ak/oswa ki gen pwoblèm itilizasyon dwòg ak fanmi yo

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te bay plis pase 86 milyon dola pou 11 pwojè atravè Eta New York ki pral kreye 479 inite ak 665 kabann nan lojman sipò pèmanan epi kreye ak prezève 34 inite ak 130 kabann lojman ijans ak tranzisyon pou fanmi ak moun ki sanzabri yo. Pwojè ki jwenn finansman yo pral kreye oswa prezève lojman nan Konte Chenango, Cortland, Dutchess, Erie, Monroe, Oneida, Orange, Ulster ak Bronx.

"Ogmante òf lojman pèmanan abòdab nan New York ak aksè fasil nan sèvis sipò se pi gwo priyorite nan administrasyon mwen an," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Lè yo fin reyalize, divès pwojè sa yo atravè Eta New York la pral bay Nouyòkè ki vilnerab yo, ki gen ladan veteran ki san kay ak sivivan vyolans domestik, kay ki an sekirite, ki estab avèk sèvis ak sipò ki nesesè pou ede yo simonte sikonstans yo epi mete nan sik sanzabri a."

Sibvansyon yo akòde atravè yon pwosesis konpetitif atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) nan Biwo Asistans Tanporè ak Moun Andikape a (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) se yon eleman enpòtan nan Plan Lojman konplè 25 milya dola Gouvènè Hochul la pou kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

Komisè Adjwen Biwo pou Asistans Tanporè ak pou Moun Andikape Eta New York la, Barbara C. Guinn, te deklare, "Nou rekonesan pou angajman long dat Gouvènè Hochul pran pou ogmante òf lojman sipò pèmanan ki nesesè nan tout Eta New York la

epi paske yo rekonèt pouvwa lojman sipò pou transfòme lavi fanmi ak moun k ap fè fas oswa ki riske pa gen kay. Lè yo fin reyalize, gwoup pwojè sa yo, ki finanse atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri OTDA a, pral bay sekirite lojman ak sèvis sipò sou plas ki sible pou plizyè santèn Nouyòkè ki vilnerab."

Avèk dènve prim sa yo, HHAP te angaje tout 128 milyon dola finansman yo te bay nan bidjè ane Fiskal 2024 la ak plis pase 50 milyon dola nan 128 milyon dola finansman ki nan bidjè ane fiskal 2025 ki adopte a.

Òganizasyon	Konte	Kantite Lajan
Catholic Charities of Chenango	Konte Chenango	2 milyon dola
Depatman Sèvis Sosyal nan Konte Dutchess	Konte Dutchess	13 milyon dola
Cortland Housing Assistance Council	Konte Cortland	2 milyon dola
Ofis Lojman nan Rochester	Konte Monroe	4.5 milyon dola
WellLife Network, Inc.	Konte Bronx	9.9 milyon dola
Regional Economic Community Action Program, Inc.	Konte Orange	4.9 milyon dola
Samaritan Daytop Village, Inc.	Konte Bronx	15 milyon dola
Unique People Services, Inc.	Konte Bronx	10 milyon dola
The Utica Center for Development, Inc.	Konte Oneida	10 milyon dola
RUPCO, Inc.	Konte Ulster	15 milyon dola
Friends of Little Portion Friary	Konte Erie	150,000 dola*

*Reparasyon abri ijans

###

Lèt nouvell disponib sou sit www.governor.ny.gov
 Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
 Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)